Хъыгагæн, къамисы уæнгтæ (сæрдар Иван Мызат) арфæйаг хъуыддаг кæронмæ ахæццæ кæныныл нæ батыхстысты. Цæуылнæ куы фæрсат, уæд ахæм фæтк сфидар кодтой æмæ дуканийæ франшаг духи райсыны тыххæй бирæ диссæгтæ нæ хъуыд. Хуымæтæджы гæххæты гæбазыл куыстуаты, кæнæ организацийы тымбыл мыхуыр æрæвæр æмæ дын цæттæ талон.

Ацы фæткы ныхмæ горæты фæлхасадон къанторы разамынд дыууæ нæ загъта. Директоры хæдивæг Каеаты Тинæйæн хæсгонд æрцыд, франшаг духи куыд уæйгонд цæуы, уымæ цæст фæдарын, афтæмæй районы адæмон депутатты Советы æххæсткомы сылгоймæгтæ, цы æмбæлд, уымæй франшаг духи райстой дыууæ хатты фылдæр.

Уæлдай тынгдæр та районы адæмон тæрхондоны коллектив фесгуыхт. Райæххæсткомы сæрмагонд къамисы нарядмæ гæсгæ сын æмбæлд духийы дыууæ авджы, уыдон та райстой 15 франшаг духийы авджы. Цымæ ацы хъуыддаджы тыххæй адæмон тæрхондоны сæрдар Гуацъæлты Алыбег цы дзуапп ратдзæн?

Уæвгæ алы хатт дæр бирæ хъаугъайаг фарстатæ вæййы фæлхасадон къанторы. Фæлæ нæдæр разамынд, нæдæр профцæдисон комитет (сæрдар Хестанты Полинæ) архайынц уыдон раст æвзарыныл.

Сæръæм, скъылады æфснайæг Калоты Тинæ цалдæр азы куыста кæйдæр бæсты дæр, уæлæмхасæн мыздта йын фыст нæ цыд. Сæйраг бухгалтер Хозиты Раисæ æмæ йæ пъланон хайады хицау Лекъты Азæ дæргъæтин рæстæг расай-басай фæкодтой. Цытæ дзурыс, уæлæмхасæн мыздæ, дам, не 'мбæлы, кæй исыс, уый дæр дын æгæр у, сæргъæ-иу æй, фæстæмæ æнæистæмæй рарвыстой.

Уымæй уæлдай Хозиты Раисæ æмæ Лекъты Азæ гуымиры хуызы хæлдтой адæймаджы бартæ. Алы хатт дæр-иу сæ Калоты Тинæ рацыди æрхæндæг, кæнæ цæссыгкалгæйæ. Афтæ кæй уыд, уый та мæм дызæрдыгæг нæ фæкаст. Хъаст куы æвзæрстон, уæд-иу Раисæ æмæ Азæ хъæрты бын фæкодтой Тинæйы.

Ныр рæстдзинад фæуæлахиз. Ацы аз январы фæлхасадон къанторы директор Реуазты Дзамболат бардзырд радта, Калоты Тинæ уæлдай фæзуат кæй æфснайы, уый тыххæй йын 1985 азы æмбисæй мызды 30 проценты бафидыны фæдыл. Æнхъæлут æмæ фæлхасадон къанторы разамындмæ хорз зонд æрцыд? Куынæ стæй! Цалынмæ Цæгат Ирыстоны профцæдисты облæстон советы фæллойхъаххъæнæгт инспекцийы кусджытæ хъуыддаг нæ равзæрстой, уæдмæ дзы нуы дæр нæ бафæндыд, сæ кусæгæн цы мыздæй æмбæлы, уый æххæстæй бафидын.

Куыд банымадæуыд, афтæмæй цалдæр азмæ Калоты Тинæйæн æмбæлд 1511 сомы бафидын. Хъыгагæн, ам дæр та хъуыддаг æнæ ракæ-бакæйæ нæ сыræзт. Сæйраг бухгалтеры цæст нæ бауарзта кусæджы мыздæй уыциу фыст бакæнын. Капекгай æмæ мын сæ суаригай фæфыста, зæгъгæ, дзырдта Тинæ.

Ам чысыл ахъуыды кæныны дæр æмбæлы. Хъуамæ сæйраг бухгалтер æмæ пъланон-экономикон хайады хицау сты хæдзардзинад разамонджытæ. Кæд афтæ у, уæд та æрхæсдзынæн ахæм æвдисæн. Хозиты Раисæ æмæ Лекъты Азæ пенси исынц фæллойы мыздæй фидыны фондæй. Чи зоны æмæ ам рæдыдæй ницы ис. Фæллойадон коллективы Советы уынаффæйæ ис ахæм уагæвæрд сфидар кæнæн. Базарады министрад фæлхасадон къанторы хæрдзтæ æмбæрзынæн фæрæзтæ кæй дæтты, уый та у хъуыдыйаг. Æрмæст ивгъуыд аз фæллойы мыздæй фидыны фонды уæлдай хæрдзтæ сты 44 мин сомы бæрц.

Ацы хъуыддæгтæ Реуазты Дзамболат æнæзонгæ нæу. Фæлхасадон къантор кусы хæдзарадон хыгъд æмæ хи æхцайы фæрæзтæй архайыны æууæлты. Дзæгъæл хæрдзтæ цæй аххосæй сты, уый тыххæй цæхгæр мадзæлттæ саразыны бæсты иуæй-иу кусджыты мыздæй фидыны æгъдæуттæ гуымиры хуызы хæлд цæуынц.

Уæвгæ Фæллойы Закъоны Кодекс ис æви нæй, уый фæлхасадон къанторы хъуыды дæр ничи кæны. Афтæ уымæн зæгъын æмæ службæгæнджытæй чидæртæ кæрæдзийæн хæстæг æйфынц, иу дзы иннæйы дæлбар у, афтæмæй цалдæргай астæу æнцад-æнцойæ иу ран кусынц.

Дзырдæн, пъланон-экономикон хайады хицау Лекъты Азæйæн йæ чындз (фыры ус) Черчесты Фатимæ у хистæр экономист. Сæйраг бухгалтер Хозиты Раисæйæн та йæ чызг Дзалаты Евгения кусы ревизорæй. Иу ныхасæй, закъон кæны лакъон, æнцонтæй та йæ нæ басæтдзынæ. Мæ дæлбар нæу Евгени, мæ хæдивæг у йæ хицау, зæгъгæ, Раисæ къахсæттæгау нымлæууыд. Цæй æмæ афтæ дæр фæуæд. Фæлæ сæйраг бухгалтеры хæдивæг отпусчы куы ацæуа, уæд та Дзалаты Евгенийы хицау чи уыдзæн? Стæй сиахс (кæстæр чызджы лæг) Валерий Огасæн æртæ мæйы бæрц фæлхасадон къанторы бухгалтерæй кæй кусы, уый тыххæй та Хозиты Раисæ цы зæгъдзæн?

Ацы æнæраст хъуыддæгты фæдыл ныхас кодтон Базарады министрады кадры хистæр инспектор Иван Савенковимæ. Алагиры фæлхасадон къанторы Фæллойадон Закъоны Кодексы 20-æм статья хæлд кæй цæуы, уый тыххæй йын алцыдæр зындгонд уыдис. Мадзæлттæ цæуынæ арæзтæуы, уый тыххæй йæ куы бафарстон, уæд загъта.

— Хозиты Раисæйы куыстæй сисыныл ныхас цæуы фондз азы бæрц?! Суанг ма специалист дæр бацæттæ кодтам йæ бынатмæ, ныронг фæлхасадон къанторы разамыны фæнд нæ зонæм. Æнхъæлмæ кæсынц, Хозиты Раисæ бархийæ куыстæй кæд ацæудзæн, уымæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ам, фыццаджыдæр, Реуазты Дзамболат у аххосджын. Закъон-лакъон сси фæлхасадон къанторы, дзуапп та дзы нычи агуры. Æввахс хæстæджытæ ну ран кæй кусынц, уый моралон æгъдауæй хъыгдары коллективы, фæлæйыл хъуыдыгæнæг нæй. Уæвгæ районы прокуратурæйы кусджытæ раздæр æвзæрстой ацы æнæзакъон хабæрттæ. Хъуыддаг кæронмæ цæуылнæ ахæццæ кодтой, уый тыххæй сæ бафæрсын æмбæлы.

ТОХСЫРТЫ Къ.

АДÆЙМАГ ÆМÆ ÆРДЗ

НÆ ГОРÆТЫ УÆЛДÆФ

Фæстаг азты æхсæнад фылдæр æргом аздæхта æрдз фыдбылызæй бахъахъхъæныммæ. Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Наукæ æмæ техникæйы тыхджын райрæзты заман адæймаджы æнæниздзинадæн уæлдай ахсджиагдæр у сыгъдæг уæлдæф.

Хъыгагæн, ныр ма фаг цæстдард нæй нæ горæты экологон уавæрмæ. Автотранспорт, хъармгæнæн æмæ промышленнон куыстуæттæ тъизи кæнынц уæлдæф. Ацы хъуыддагмæ завод «Электроцинк» уæлдай фылдæр «æвæрæн» хæссы. Хатгай куыстуаты сæрмæ арвы цъехы фенæн вæйбы сырх, бур, сау æмæ æндæрхуыз фæздæг. Алыхуызон хуыдуггæнæн газтæй ацæуæн нал вæйбы заводы иувæрсты.

Кæй зæгъын æй хъæуы, æнæ æрдзхъахъхъæныдон мадзæлттæй нæ горæты уæлдæф цыфæнды куы фæкæнæм, уæддæр нæ фæсыгъдæгдæр уыдзæн. Фæлæ заводы специалисттæ уый хъуыды дæр нæ кæнынц. Фæстаг рæстæджы дзыллон информацийы фæрæзты, алыхуызон æмбырды дзурынц, зæгъгæ, дам, куыстуаты æрдзхъахъхъæныдон мадзæлттæ арæзт цæуынц æнтыстджынæй. Ахсджиаг хъуыддаджы ницы арфайæм, зæгъгæ, уыцы ныхас та, дам, бæрæггæнæг оргæнтæй цæмæн рацыд, уымæн ницы зонæм.

Раст куы зæгъон, уæд мæ заводы специалисттæ цæстæнгас дисы бафтыдта. Æрдзхъахъхъæныдон мадзæлттыл æвзæр кæй архайынц, уый тыххæй мæ бафæвдыд мæ хъуыдытæ зæгъын. Фыццаджыдæр, бафиппайын хъæуы уый, æмæ, афæдзмæ заводы цехтæй уæлдæфмæ алыхуызон маргхæццæ буаргъæдтæ ацæуы 21,7 мин тоннæйы, кæнæ та горæты промышленнон куыстуæттæ цас тъизи кæнынц, уымæн йæ 63,3 проценты.

Куыд уынут, афтæмæй ацы нымæцтыл дис нички бакæндзæн. Завод нæ горæты уæлдæф тынгдæр кæй тъизи кæны, уый тыххæй зæгъдзынæн бæлвырддæр: 1980 азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ куыстуат афæдзмæ алыхуызон тъизитæ уæлдæфмæ æппæрста 42,5 мин тоннæйы. Фæлæ сæ специалисттæ «æмбæхсын райдыдтой. Тъизиты бæрц азæй-азмæ «къаддæргонд цыд» дыууæйæ фондз мин тоннæмæ æвзахс. Цымæ цæй руаджы?

Ацы фарстæн дыууæ низæлгой дзуапп раттæн нæй. Заводы специалисттæ алы хатт дæр цы æрдзхъахъхъæныдон мадзæлттæ бацамыдтой, уыдонæй маргхæццæ буаргъæдтæ бауромæн нæй. Кæд дзы уæлдæф фæсыгъдæгдæр уыдзæн, уымæн æппæрстæ километрæй 101 æрæстадыл хардзгонд æрцыд 160 мин сомы, фæлæ цалдæр мæймæ заууатмæ æрцыд. Афтæ рауад туагтуыры цехы хъысмæт дæр. Хъуамæ дзы пайдагонд цыдаид, судзæн пецты æрзæт хуыздæр цæмæй тайа, уый ты[illegible]. Хъыгагæн, цех æхгæд æрцыд, афтæмæй йыл паддзахад бахардз кодта 2,2 милуан сомы. Ницы пайда æрхаста, газсыгъдæггæнæн механизмтæ капиталон цалцæггонд кæй æрцыдысты, уый дæр. Уæдæ рыгуромæн аппараттæ сæхи хуызæн, кæнæ æндæртæй ивд кæй цыдысты, ахæм мадзæлттæ дæр ахадгæ нæ уыдысты.

Æмæ ма иу дæнцæг. Куыræйтты цехы уæллаг хæйттæ æнгомгонд кæй æрцыдысты, уый тыххæй заводы специалисттæ бæрæггæнæнтæ радтой, зæгъгæ, дам, æвзалыгуыры туагтæдты аппарæнтæ 1979 азы фæкъаддæр сты 20 мин тоннæйы. Ацы нымæц дæр мæнг кæй у, уый рабæрæг сæрмагонд кусæнгæрзты æххуысæй. Ноджы хыгъды амынд æрцыд, цыма куыræйтты цехы нс 17 пецы, æцæгдзинадæй та — сты æхсæз. Ахæм ма дзы фæдфæливæн уа?

Уæлдай фæдисы уавæр у, алыхуызон бæллæхты азарæй заводæй газтæ æмæ рыг кæй раирвæзы, уый дæр. Куыстуаты разамонджытæ та сæхиуыл къæм абадын дæр нæ уадзынц. Æдзухдæр фæдзурынц, зæгъгæ, дам, ахæм хабæрттæй заводы ницы вæйбы. Фæлæ ма бæлвырддæр æркæсæм хъуыддагмæ. Зды æмæ цинчы æрзæтты куыстад нудадзыг хæлд кæй цæуы, уый азарæй нæ горæты уæлдæф дзæвгар фæчъизидæр вæйбы.

Зæгъæм, сондоны туагады цехы иу сахат куы бауромынц, уæд судзæн пецтæй уæлдæфмæ раирвæзы 6 тоннæйы маргхæццæ буаргъæдтæ. Уæдæ зды тайынгæнæн пецтæй дæр чысыл тъизитæ нæ цæуы. Фæлæ ацы фыдракæндтыл дзуапп ничи дæтты. Уавæр æвзæрдæр вæйбы æзæст рæстæджы. Хуыдуггæнæн хъылма йæхи цыллæг æрудады æмæ æхгæны адæймаджы уæлафæнтæ.

Хъыгагæн, ахсджиаг хъуыддæттæ хæст цæуынц дардæмгъуыдтæм, æрдзхъахъхъæныдон хъуыддæттæм техникон прогресс нæ хæццæ кæны. Газсыгъдæггæнæн механизмты арæзтады бæсты уæвгæ æрцыдзынц чи фæнд æвгæ æмæ заводы экологон уавæр фæхуыздæр кæныны тыххæй нысангонд цыд бæлвырд мадзæлттæ. Хъуамæ хæстæгдæр азты куыстуат рахызтаид æнæхауæццаг технологимæ, æмæ уæд нæ горæты уæлдæф бирæ фæсыгъдæгдæр уыдаид. Фæлæ ныронг быллдауæн ныхæстæ æмæ зæрдæвæрæнтæй дарддæр куыстуаты специалисттæ ницы архайынц.

Завод «Электроцинк» у хъомыслжын. Бæстæйы адæмон хæдзарадæн дæтты зды, цинк, кадмий, индий æмæ æндæр хуызджын згъæртæ. Фæлæ заегъын хъæуы уый, æмæ, адæмы æнæниздзинадæн аргъ нæй. Куыстуат нæ горæты уæлдæфы сæйраг тъизигæнæг кæй у, уый фæдыл Цæгат Ирыстоны Æрдзхъахъхъæныны паддзахадон комитет йæ фыццаг æмбырды мадзæлттæ бацамыдта ацы азы кæронмæ зианхæссæг буаргъæдты æппарæнтæ 63 проценты фæкъаддæр кæныны тыххæй.

Хъыгагæн, ныронг заводы специалисттæ нæма базмæлыдысты. Сæ фæсонæрхæджы дæр нæй æрдз хъахъхъæныны тыххæй цæхгæр мадзæлттæ саразын.

Раст куы зæгъæм, уæд цыбыр рæстæгмæ ахсджиаг хъуыддæттæ саразæн нæй. Завод газ æмæ рыг сыгъдæггæнæн механизмтæй сифтонг кæнынæн хъæуы милуангай сомы хардзгонд æрцыд, уыдоны тыххæй? Проект саразæт æппæрстæ километрæ. Лабораторон бæрæггæнæнтæм гæсгæ дзы цинк æмæ æфсæйнаг вæйбы нормæйæ цыппар, æрхуы та — 31 хатты фылдæр.

Заводы тъизи дæттæй фæдисы уавæр сæвзæры цæугæдоны. Алыхуызон згъæртæй уæлдай дзы вæйбы промышленнон хауæццæгтæ æмæ продуктæ. Уыдон уарыны дæттимæ бахауынц цæугæдонмæ æмæ халынц æрдзы æнæниздзинад. Ну ныхасæй, нæ бон фидарæй у зæгъын: завод «Электроцинк» Камбилеевкæйæ сарæзта бырондон. «Мард» цæугæдон дæр æй хуымæтæджы нæ хонынц.

Æрвылаз заводы бамбырд вæйбы 115 мин тоннæйы промышленнон хауæццæгтæ. Цалдæр азмæ уыдон систы 2,5 милуан тоннæйы æмæ ахсынц 36 гектары. Ам дæр та зæгъын хъæуы уый æмæ, промышленнон хауæццæгтæ тъизи кæнынц уæлдæф æмæ алыварс саумæр зæххытæ. Уымæй уæлдай промышленнон хауæццæгтæ химнон буаргъæдтæ. Уарынтæм маргхæццæ цыхцырджытæ ахъарынц мæры æмæ тъизи кæнынц дæлзæххон дæттыл.

Зындгонд куыд у, афтæмæй заводы экологон уавæр фæхуыздæр кæныны тыххæй нысангонд цыд бæлвырд мадзæлттæ. Хъуамæ хæстæгдæр азты куыстуат рахызтаид æнæхауæццаг технологимæ, æмæ уæд нæ горæты уæлдæф бирæ фæсыгъдæгдæр уыдаид. Фæлæ ныронг быллдауæн ныхæстæ æмæ зæрдæвæрæнтæй дарддæр куыстуаты специалисттæ ницы архайынц.

Завод «Электроцинк» у хъомыслжын. Бæстæйы адæмон хæдзарадæн дæтты зды, цинк, кадмий, индий æмæ æндæр хуызджын згъæртæ. Фæлæ зæгъын хъæуы уый, æмæ, адæмы æнæниздзинадæн аргъ нæй. Куыстуат нæ горæты уæлдæфы сæйраг тъизигæнæг кæй у, уый фæдыл Цæгат Ирыстоны Æрдзхъахъхъæныны паддзахадон комитет йæ фыццаг æмбырды мадзæлттæ бацамыдта ацы азы кæронмæ зианхæссæг буаргъæдты æппарæнтæ 63 проценты фæкъаддæр кæныны тыххæй

куыстуæттæ цас чызнι кæныц, уымæн йæ 63,3 проценты.

Куыд уынут, афтæмæй ацы нымæцтыл дис ничи бакæндзæн. Завод нæ горæты уæлдæф тынгдæр кæй чызнι кæны, уый тыххæй зæгъдзынæн бæлвырддæр: 1980 азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ куыстуат афæдзмæ алыхуызон чызнитæ уæлдæфмæ аппæрста 42,5 мин тоннæйы. Фæлæ сæ специалисттæ «æмбæхсын» райдыдтой. Чызниты бæрц азæй-азмæ «къаддæргонд цыд» дыууæйæ фонда мин тоннæмæ æввахс. Цымæ цæй руаджы?

Ацы фарстæн дыууæ нысхасæй дзуапп раттæн нæй. Заводы специалисттæ алы хатт дæр цы æрдзхъахъхъæнынадон мадзæлттæ бацамонынц, уыдонæй маргхæццæ буаргъæдтæ бауромæн нæй. Кæд дзы уæлдæф фæсыгъдæгдæр вæййы, уæд æрмæстдæр райдайæнты. Уый фæстæ та алцыдæр ногæй йæ ганчы сбады.

Зæгъæм, гидрометаллургон цехы фæрсудзæн СМЦ-ы æрзæтты куыстад нудавы дзыг хæлд кæй цæуы, уый азарæй нæ горæты уæлдæф дзæвгар фæчызнидæр вæййы.

Зæгъæм, сондоны туагады цехы иу сахат куы бауромынц, уæд судзæн пецтæй уæлдæфмæ ранрвæзы 6 тоннæйы маргхæццæ буаргъæдтæ. Уæдæ зды тайынгæнæн пецтæй дæр чысыл чызнитæ нæ цæуы. Фæлæ ацы фыдракæлдтыл дзуапп ничи дæтты. Уавæр æвзæрдæр вæййы асæст рæстæджы. Хуыдуггæнæн хъылма йæхи ныллæг æруадзы æмæ æхгæны адæймаджы улæфæнтæ.

Хъыгагæн, ахсджиаг хъуыддæгтæ хаст цæуынц дардæмгъуыдтæм, æрдзхъахъхъæнынадон хъуыддæгтæм техникон прогресс нæ хæццæ кæны. Газсыгъдæггæнæн механизмты аразтады бæсты уræд æрцæуынц, чи фæкусы, ахæм техникон фæрæстæ дæр. Абоны онг 248 ранæй уæлдæфмæ цæуы маргхæццæ буаргъæдтæ. Афтæмæй газсыгъдæггæнæн механизмтæ æвæрд нс æрмæстдæр 29 раны.

пайдагонд куы цæуид доны мид-зилдухы системæйæ, уæд хуыздæр нæ уанд? Хъыгагæн, азæй-азмæ æрдзхъахъхъæнынадон хъуыддæгтæ зайынц æнæххæстæй.

1983 азы заводы æвæрын райдыдтой, электролит уæлдæфы æххуысæй уазал чи кæна, ахæм механизмтæ. Проектмæ гæсгæ дон афæдзмæ фæстауæрдгонд цыдаид 1,6 милуан кубометры. Фæлæ заводы специалисттæ хъуыддаг кæронмæ нæ ахæццæ кодтой. Цæуылнæ куы фæрсат, уæд ногдинад ницы пайда лæвæрдта æмæ йæ специалисттæ ныууагътой. Дарддæр ма йыл куыстгонд цæудзæн, уый мах нæ зонæм. Кæд нæ, уæд дзуапп чи ратдзæн, проект царды рауадзыныл цы 732 мин сомы хардзгонд æрцыд, уыдоны тыххæй? Проект саразæг Кавказгипроцветмет, завод «Электроцинк» æви ма æндæр исчи?

Бæлвырд куыд у, афтæмæй завод Камбилеевкæйы цæугæдонмæ цы чызнι дæттæ ауадзы, уыдон афæдзмæ æвæйынц дæсгай мин кубо-

Фæлæ заводы специалисттæ нæма базмæлыдысты. Сæ фæсонæрхæджы дæр нæй æрдз хъахъхъæныны тыххæй цæхгæр мадзæлттæ саразын.

Раст куы зæгъæм, уæд цыбыр рæстæгмæ ахсджиаг хъуыддæгтæ саразæн нæй. Завод газ æмæ рыг сыгъдæггæнæн механизмтæй сифтонг кæнынæн хъæуы милуангай сомтæ. Уыдон уагъд æрцæудзысты, æви нæ? Кæд о, уæд та сæ цыбыр æмгъуыдмæ пайдагонд æрцæудзæн? Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ. Уымæ гæсгæ афон у цæхгæр мадзæлттæм рахизынæн.

Фыццаджыдæр, райдайын хъæуы здыйы куыстадæй, мхуызон куыстуæттæй у бирæ фылдæр. Уæдæ завод цы продукци уадзы, уымæн æрмæстдæр йæ 19 проценты зды кæй у, уыл дæр ахъуыды кæныны æмбæлы. Сæйрагдæр та нæ рох кæныны нæ хъæуы ССР Цæдисы хицауады æмæ ПЦÆЦС-ы ацы азы 11 январы Уынаффæ «Цæгат Ирыстоны АССР-йы санатори-курорттæ æмæ туристон бæстыхæлтæ дарддæры рæзтæн мадзæлттæ саразыны тыххæй».

Раст куы зæгъæм, уæд хорз хъуыддагæн алы хатт дæр йæ райдайæн зын вæййы. Завод здыйы куыстады бæсты æндæр, ома, æрдзæн зиан чи нæ хæсдзæн ахæм продукци уадзын куы райдаид, уæд йæ пайдатæ фылдæр йедтæмæ къаддæр нæ фæуаиккой. Сæйрагдæр та нæ горæты алыварс æрдз йе 'дæр хуыз равдисид.

ЦГЪОИТЫ Таймураз,
Цæгат Ирыстоны æрдзхъахъхъæныны паддзахадон комитеты хайады хицау.

ХАБÆРТТÆ ФÆСАРÆНТÆЙ

Æмгуыстæй

Бонн. Ахицæн, Европæйы экономикон æмгуыстады фæдыл ам цы конференци цæуы, уый фыццаг хай. Архайынц дзы 33 европæйаг паддзахады, стæй АИШ-ы æмæ Канадæйы хицауæндты æмæ хъуыддаджы лæуд фæлтæрты минæвæрттæ. Конференцийы уæвджытæ æрныхас кодтой хъуыддаджы бастдзинæдтæ æмæ промышленнон кооператы фæхуыздæр кæныны фарстатыл. Иннæ къуыри уыдон æркæсдзысты алы къабæзты, уыимæ алфамблай æрдз хъахъхъæныны æмæ экологион æгъдауæй сыгъдæг технологитæй пайда кæныны, энергетикон æмæ хомаджы фæрæзты, транспорт æмæ хойраджы промышленносты фæстауæрцы фарстатыл.

Йæ ног ном

Прагæ. Чехословакаг Федеративон Республикæ — ахæм у чехословакаг паддзахады ног ном чехаг æвзагыл. Сфидар æй кодтой бæстæйы федералон æмбырды йыл бирæ сахæттæ фæтæрхон кæныны рæстæг.

Загъдкъахæн

Гаванæ. Америкаг телестанцæ «ТВ-Мартн» Кубæйы территоримæ кæй кусы, уый у телекоммуникациты дунеон цæдисы устав, иннæ дунеон-барадон уагæвæрдтæ гуымиры хуызы халын. Афтæ загъд ис кубæйаг хицауады ныхасы.

Цыппæрæмы АИШ-ы зæххæй æртыккаг хатт афæлтæрдтой «ТВ-Мартн» Кубæмæ саразыныл.

Зæрдæбынæй

Гаванæмæ æрбатахтысты кубæйаг авиакомпани «Кубана де Авиасьон»-ы дыууæ хæдтæхæджы. Уыдон æрбаластой, Чернобылы АЭС-ы фыдбылызæй хъыгдард чи байæфта, ахæм 136 советон гыццыл læппу æмæ чызджы.

Авиалайнертæй æрхизæны сæ размæ рацыдысты Фидель Кастро, Кубæйы Компартийы æмæ паддзахады иннæ разамонджытæ. Интервьюйы Кастро загъта, кубæйаг медиктæ, гæнæн æмæ амал цæмæндæриддæр уа, уый кæй сараздзысты, советон сывæллæттæ та раздæрау æнæниз уой, уый тыххæй. Уыдонæн арæзт æрцыдысты æппæт æууæлтæ дæр, уыдзæн сын телефонæй ССР Цæдисы сæ хæстæджытимæ ныхас кæныны фадат дæр.

Фембæлд

Парижы

ПАРИЖ. Францы президент Франсуа Миттераны æмæ Ирландийы премьер-Министр Чарльз Хокийы фембæлды рæстæг франца паддзахады сæргълæууæг ралæууыд, ацы аз декабры европæйаг экономикон æмæхсæнады политикон цæдис саразыны фарстатыл æрныхас кæныны тыххæй Европæйаг экономикон æмæхсæнады бæстæты парламенты конференци саразыны тыххæй ФРГ-йы канцлер Гельмут Коль æмæ Чарльз Хокицы хъуыды загътой, уый фарс.

Франсуа Миттеран ма загъта уыцы фæндон, цæмæй Европæйаг экономикон æмæхсæнады советы сæрмагонд сессийы Дублины æмæхсæнадæн Герман баиу кæныны фæстиуджытæй фæстæмæ нысангонд æрцæуа парламенты дыууæ конференцийы куысты къæлиндар — политикон цæдис, стæй валютон-финансон æмæ экономикон цæдис саразыны фæдыл.



Фæстаг мæйты Хуссар Африкæйы Республикæйы цы цаутæ цæуы, уыдон дзурæг сты, бæстæйы демократон змæлд тыхджынæй-тыхджындæр кæй кæны, уыл. 1990 азы райдайæны ахсджиаг цаутæ æрцыд ацы бæстæйы. Ахæстонæй сæрибар Хуссар Африкæйы националон конгрессы раздзог Нельсон Мондела. Бæстæйы сауцъар адæм æргомæй дзурын райдыдтой сæ бартыл, сарæх сты митингтæ, куыстуæдтæ, демонстрацитæ.

КЪАМЫ: Африкæйы националон конгрессы фарсхæдджыты æргом митинг.

СЦТА-йы фотохроникæ.

меллагимæ йæ фæфыц, цыппар къухы бæрц куыд ныффыца, æфтæ. Бæгæны цæмæй сау уа, уый тыххæй ма йыл ныккæныц сыгъд ссад: уый дæр йемæ сфыцы. Фых куы фæуа, уæд ын йæ хуымæллæг сис, анал æй. Фых æхсыст бæгæны уазал кæнынмæ равдæлон кæныныц къаддæр митæнæнтæм. Хæрз уазалæй йæ бантауыныц ку тыллæнæг кæнæ дурыны æнхъизæнимæ — цырвытимæ. Иу суткæмæ сæнхъизы — йæ сæрыл фынчытæ сбады. Бæзджынæй ма дзы цы вæййы, уый йæ быныл æрбады. Фæлæ йæ ног ныффæрсудзын хъæуы сасиры: хонынц æй «бæгæны рафæлдахын». Кæд фæрсыгъд нæма у, уæд уый та хонынц «бæгæны фæлдæхт нæма у».

Бæгæны фæлдæхт куы 'рцæуа, уæд ын нуазæн ис. Ныффæрсудзыны фæстæ дзы цы бæзджынтæ баззайы, уыдон хуыйныц «цырвытæ». Гыццыл кæрдзыны хуызæн сæ æртъæпæн кæныныц хус кæнынмæ æндæр хатт бæгæны бантауынæн, æнхъизæнтæн — хус цырвытæ. Бæгæны лалымы нæ хастой къуымæлау хуымтæм, фæлæ дурын, кæнæ боцкъайы.

КЪАМАТТАГ. Тæсчъы цы фæрсудзæнтæ — цъæл баззайы, уыл ма тæвд дон ауадзынц. Æрлæдæрсы ма дзы къаддæр адджын заддон æмæ йæ хицæнæй сфыцынц. Хицæнæй уый дæр бантауынц æмæ дзы рауайы къаматтаг — læмæгъдæр бæгæны. Къаматтаг кæд хорз рауайа, уæд йæ бæгæны та хуыздæр уыдзæн. Къаматтагæйиу раздæр аныстой: уый кувинæгтæм нæ хауд. Уыдон иууылдæр зонын хъуыд сылгоймаджы æмæ сыл ахуыр кодтой чызджыты сæ мадæлтæ. Бæгæны кæнынмæ дæсны сылгоймаг кадджын уыдис сыхбæсты: федта æмæ сфæлтæрдта хистæрыл.

ФЫНДЖЫ ХОИРАГ. Ирон адæммæ циндзинады фынгыл кæддæриддæр æвæрдтой æртæ чъирийы: тымбыл æмæ æртæдзыхонтæ. Скувынæн æртæдзыхон чъиритæ дины æгъдауæ гæсгæ хистæр уыдысты. Фи. зонæг дæр æвæрд цыдис уыдоны уæлæ. Кæд кусарт акодта хæдзары хицау, уæд чъириты дæле хъæдын стыр тæбæгъы æвæрд уыдис сæр, бæрзæй та галиу хъусырдыгæй.

Физонæг æвæрдтой æрмæст циндзинады фынгыл. Физонæджы хæйтты нымæц къæйттæ не 'мбæлынц: кæнæ фонда, кæнæ авд хайæ: дыууæ хайы игæрæй кодтой уæхстыл раздæр, уымæн æмæ игæры дзидза æнцон фыцæн у æмæ уæхстыл мидæгоз кондæй артмæ нæ судзы, дыууæ хайы зæрдæйæ, ну хай рæуæгæй. Физонæг конд цыд кусарты хуылфыдзаумæттæй арæхдæр. Æдзух æппæт ран афтæ нæ уыд. Физонæг стæгимæ ма уæд, стæй къай хæйттæ ма уæнт, æндæр кæй куыд фæндыд, афтæмæй æм

ТЕАТР ÆМÆ РАЦАРÆЗТ

АИВАД МÆНГДЗИНАДÆН НÆ БЫХСЫ

«Цæмæн афтæ æрæгмæ байгом уæ ног театралон аз?». «Афтæ æрæгмæ цæмæн цæттæ кæнут ног спектаклтæ». «Цæуынныл уал æвдисут уæ кæддæры хорз спектаклтæ: «Чермен», «Хæсанæ», «Пæсæйы фæндон», «Дыууæ хойы», «Нарты Батрадз» æмæ бирæ æндæртæ?» «Цы ма равдисдзыстут ацы аз ногæй?» «Тæлмацгонд уацмыстæ цæмæн афтæ арæх æвдисут?» Æмæ ма æндæр фарстытæ — театрдзаутæй нæ ферох вæййы рацарæзт театры куыстыл куыд фæзынд, уый дæр.

Ахæм фарстатæ арæхæй-арæхдæр кæнынц уымæн, æмæ театр цы спектаклтæ æвдисы, уыдонæй дарддæр йæ хъус ницы уыйас дары театрдзаутæм. Нæ сæ зонгæ кæны йæ куысты хабæрттимæ. Ægæр стæм хатт арæзт цæуынц театр æмæ театрдзаутæн фембæлдтытæ. Уый æвзæрыдæм зыны сæ нудзинадыл. Искуы ну хатт кæд газетты фæзыныц цалдæр уæлæнгай ныхасы репертуары тыххæй, уæд хора, æндæр азæй-азмæ къаддæр æрмæг мыхуыргонд цæуы театры куысты тыххæй. Ноджы куынæгдæр систы актерты, режиссерты, нывгæнджыты æмæ иннæ сфæлдыстадон кусджыты тыххæй уацхъуыдтæ, сфæлдыстадон сурæттæ, спектаклтыл рецензитæ. Ам чысыл аххосджын не сты нæ республикæйы театриртасджытæ дæр. Чысыл адæмтæй мах æй фылдæр, æвæццæгæн, никæмæ нс ахæм кусджытæ, фæлæ уыдон дæр ницы уыйас дарынц сæ хъус не сфæлдыстадон куыстмæ.

НОГ СПЕКТАКЛТÆ...

Театры сæйрагдæр æмæ вазыгджындæр куыстытæй ну у ног спектакль бацæттæ кæнын. Læвæрд ын цæуы дыууæ-æртæ мæйы. Уый домы театры алы кусæгæй дæр удуæлдай фæллой, æцæг сфæлдыстадон куыст. Цас театр æнувыддæрæй бакусы уацмысыл, цас æм къæрцхъусдæр разыны, уыйас спектакль рауайы хæрахъæддæр æмæ йыл театрдзау сæмбæлы særдиагæй. Фæлæ, хъыгагæн, ахæм удуæлдай куыст куыд бирæ куыстуæтты, афтæ театры дæр кæны куынæгæй-куынæгдæр. Æмæ уый у, нæ ног спектаклтæ адæммæ афоныл кæй нæ хæццæ кæнынц, уыцы аххосæгтæй ну.

Дыккаг сæйраг аххосаг та у уый æмæ нæ драматургтæ театрмæ цы пьесæтæ раттынц, уыдоны разыны бирæ хъуагдзинæдтæ, æмæ се'сраст кæнынц бахардз вæййы уæлдай рæстæг. Афоныл нæ рацæуынц адæмы рæгъмæ. Сæ фылдæр та дзы æрдæг фæндагыл баззайынц.

Зæгъæм, ахæм бæллæхы бахауд Ситохаты Саламджерийы пьесæ «Сыгъзæрин хъадамантæ». Уацмыс хъуамæ æвдыст æрцыдаид сæрды. Актерты коллектив мæ, режиссер Бенъойты Розейы разамындæй фæкуыста цыппар мæйы бæрц æмæ йыл цас арфдæр æмæ лæмбынæгдæр куыста, уыйас дзы рабæрæг бирæ хъæндзинæдтæ. Уымæй кæд фыссæг йæ пьесæ схуыдта лирикон комеди. Театр дзы домын райдыдта, цæмæй дзы бæлвырддæр фæзыной нæ абоны царды хабæрттæ, ома рацарæзты фарстытæ.

Æрмæстдæр бахаудысты уый размæ (Токаты А. Хуыбецты Р. æмæ Хъайттаты С.) пьесæтæ дæр. Бирæ рæстæг бахардз кодта театр ацы фыссджыты пьесæтыл, фæлæ уыдон дæр æвæрд не 'рцыдысты. Алы ахæм цау дæр байтауы хæрамдзинад фыссæг æмæ театры æхсæн. Фыссджытæн се стырдæр уайдзæф вæййы: «Цæмæн мын истат уæд мæ пьесæ репертуармæ?»

Раст фарст у, фæлæ ахæм уавæры мæ særдыл арæх æрлæууы ирон театры фыццаг режиссер Маккæты Арсены ныхас. «Чыазджы» дæр арæх бауарзынц йæ фыццаг бакастæй, фæлæ йæ хæдзармæ куы æрхæссынц æмæ йæм бæстондæр куы 'ркæсынц, уæд бæлвырддæр рахатынц йæ аиппытæ! Афтæ у пьесæйы хабар дæр», — дзырдта-иу уый, — «Фæлтау бавдæл æмæ бакус дæ пьесæйыл, йе та ног ныффыссы...»

— Уый нырыккон пьесæтыл кусгæйæ, фæлæ классикон уацмыстæ куы февæруг, уæд та цæмæн афтæ бакъуылымпы вæййынц? — бафарсдзæн исчи.

Зæгъæм, Брытъиаты Елбыздыхъойы драмæ «Хазби» театрдзаутæ хъуамæ федтаик кой ивгъуыд аз июлы, æвдисгæ та йæ ракодтам декабры. Фæкуыстам ыл вгæс мæйы. Фæлæ уæддæр афоныл нæ рацыд. Декорацитæн нын Ирыстоны нæ разынд æртæ кубометры хъæдæрмæг, нæ дзы разынд уæлæдарæс бахуыйнæн хъуымац, цухъхъатæ æмæ ирон къабатæн. Уыдон та, театрæн йæхицæй арæзгæ чи нæ у, ахæм аххосæгтæ сты.

Уымæ гæсгæ æрдзырдтой спектаклы бахъуыд «бавæлгъау» æмæ «Зæлийы чындзытæ». Уыдоны фæстæ та — «Цæсайы фæндон». Æвæрæм Айлар ты Асæхмæты трагикомеди «Кæдæм тæхæм?» дæр. Фæстæдæр бацæттæ кæндзыстæм Дзантиаты Анатолийы пьесæ «О, рæдау, Тутыр!», Черчесты Георгийы драмæ «Авд хърихъуппы», Мамсыраты Дæбейы драмæ «Хæсанæ». Уыдонæй дарддæр æвæрд æрцæудысты «Отелло», италиаг пьесæ «Нæ чызджытæмадæлтæ».

ЗÆРОНД СПЕКТАКЛТÆ...

Ныхас дæр ыл нæй, уыдис нæм бирæ хорз спектаклтæ. Фæлæ сæ куы сног кæнæм, уæд сæм адæм афтæ цымыдисæй нал фæкæсынц. Равдисæм сæ иу цалдæр хатты æмæ уыил бамынæг вæййынц. Афтæ рауадысты йæ рæстæджы «Бæтæйы фыртæ», «Амран», «Сидзæргæс», суанг ма «Дыууæ хойы» дæр. Æрæджы ногæй æрæвæрдтам «Хазби». Куыд ацæудзæн, уый нырма бæлвырд бæрæг нæу, фæлæ иннæтæй кæй кой ракодтам, уыдонмæ цæуыннæ цыдысты адæм, уыил абон дæр ма нæ сæрмæ хойæм йæ бамбарынц, фæлæ нырма бæлвырд хатдзæгмæ нæма æрцыдыстæм.

Иуæй мæсымæ афтæ нæсы æмæ, кæддæр хорзыл нымад чи уыд, уый абон хорзыл нымад нал цæуы. Уый та уымæн, æмæ цард размæ цæуы, бирæ хъуыддæтæ зæронд кæнынц, уæллай тынгдæр та рæзы театралон аивад. Фæзындис алыхуызон æвæрд спектаклтæ, стыхджын кино, телеуынынад. Уыдон нууылдæр сты театры «зынгтæ». Мынæг ма цæмæн хъуыдис «Хазби»-йæн ахæм егъау декорацитæ аразын.

Фæлæ афтæ хъуыды кæнын дæр раст нæу. Театры репертуары хъуамæ рæстæгæй-рæстæгмæ фæзыной, этапон кæй хонынц, ахæм егъау спектаклтæ. Уыдонæн та цæсты ахадгæ чи уа, ахæм декоративон фæлгонцтæ домынц. Стæй уæлæдарæсæй дæр хъуамæ уой бæллиццаг.

Ахæм хуызы хъуамæ фæлгонцгонд æрцыданд «Хазби» дæр: декорацитæй, уæлæдарæсæй. Фæлæ та театры мæгуырдзинад ам дæр разынд. Нывгæнæг æмæ режиссер цы декорацитæм бæллыдысты, уыдоны бæсты сценæйы уынæм алыхуызон «кубиктæ» — æппындæр цæсты чи нæ ахады, ахæм декоративон фæлгонц.

Театр йæ репертуармæ фылдæр хæссын байдыдта ирон драматургты уацмыстæ. Æвæрд æрцыдысты «Хазби

рацæуынц адæмы рæгъмæ. Сæ фылдæр та дзы æрдæг фæндагыл баззайынц.

Зæгъæм, ахæм бæллæхы бахауд Ситохаты Саламджерийы пьесæ «Сыгъзæрин хъадамантæ». Уацмыс хъуамæ æвдыст æрцыдаид сæрды. Актеры коллектив ыл, режиссер Бекъойты Розæйы разамынджай фæкуыста цыппар мæйы бæрц æмæ йыл цас арфдæр æмæ лæмбынæгдæр куыста, уыйас дзы рабæрæг бирæ хъæндзинадтæ. Уымæй кæд фыссæг йæ пьесæ схуыдта лирикон комеди. Театр дзы домын райдыдта, цæмæй дзы бæлвырддæр фæзыной нæ абоны царды хабæрттæ, ома рацарæзты фарстатæ.

Автор стыр разыйæ бæргæ архайдта, коллектив дзы цы домдта, уый сæххæст кæныныл, фæлæ ацы хъуыддаджы цы хъуамæ равдыстаид хорзæй, кæд æмæ колхозон пардарæзты абон бæллиццагæй ницыма ис, уæд? Цы хæдзарад нæм ис, уый дзырддаг ссис, ног хуызы колхозон арæзтад та нырма йæ мидбынаты цоппай кæны йæ разæндаг нæ уынгæйæ. Иутæ фауынц колхозты, иннæтæ хæцынц сæ фарс, иутæ сты кооперативты, арендаторты фарс, иннæтæ — сæ ныхмæ. Ахæм арвистоны уавæр анвадон уацмыс ныффыссæн ис колхозон темæйы? Нæ йæм сарæхст Саламджери дæр, æмæ йæ пьесæ йæ дæларм баходта æмæ абон дæр нал зыны театрмæ.

Ахæм гæныстоны уавæры уæд та цæмæн афтæ бакъуылымпы вæййынц? — бафæрсдзæн исчи.

Зæгъæм, Брытъаты Елбыздыхъойы драме «Хазби» театрдзаутæ хъуамæ федтаик кой ивгъуыд аз июлы, æвдисгæ та йæ ракодтам декабры. Фæкуыстам ыл æхсæз мæйы. Фæлæ уæддæр афоныл нæ рацыд. Декорацитæн ныр Ирыстоны нæ разынд æртæ кубометры хъæддæрмæг, нæ дзы разынд уæлæдарæс бахуыйынæн хъуымац. цухъхъатæ æмæ ирон къабатæн. Уыдон та, театрæн йæхицæй аразгæ чи нæ у, ахæм аххосæгтæ сты.

Уымæ гæсгæ æрдæгарæзт спектаклы бахъуыд «бавæрын» хуыздæр бонтæм æнхъæлмæ кæсгæйæ, иу-дыууæ мæйы æмгъуыдмæ. Ахæм рæстæгмæ та спектаклы æппæт хабæрттæ ферох вæййынц актертæй æмæ фæстæмæ йæ æрымысынæн бахъæуы бирæ рæстæг. Театр бирæ ахæм рæстæг нæй сафы, уый пайда нæу йæ кад, йæ намысæн, йæ материалон уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн. Фæлæ уыил нæ хъуыды кæнынц, театртæн материалон æрмæгæй чи æхсыис кæны, уыцы кусткодон организацитæ, нæдæр республикæйы Культурæйы министрад, нæдæр Министрты Совет.

Театры сæйрагдзинад режиссер Гæлæуты Анатолийæн арæх бауайдзæф кæнæм анвадон советы, дæ сынтæг цас амоны, дæ къæхтæ дæр уыйас анваз, зæгъгæ, ома Зæнджиаты Маринæ æмæ Ибрагим Кадалов.

Чемпионаты фыццаг бынат бацахста æмæ Цæгат Ирыстоны физкультурæ æмæ спорты паддзахадон комитеты фыццаг къæпхæны дипломрайста «Динамо»-йы минæвар, УСФСР-йы сгуыхт тренер Вараздат Григорянцы хъомылгæнинаг Къæлхидты Фатимæ. Иннæ архайджытæй чемпионтæ систы Орджоникидзейы 22-æм астæккаг скъолайы 8-æм къласы ахуыргæнинаг Саша Курбанова æмæ Иринæ Коваленко.

Гауызыл иттæг хорз дзæгъæл, уый нырма бæлвырд бæрæг нæу, фæлæ иннæтæй кæй кой ракодтам, уыдонмæ цæуынмæ цыдысты адæм, уыил абон дæр ма нæ сæрмæ хойæм йæ бамбарыныл, фæлæ нырма бæлвырд хатдзæгмæ нæма æрцыдыстæм.

Иуæй мæнмæ афтæ кæсы æмæ, кæддæр хорыл нымад чи уыд, уый абон хорзыл нымад нал цæуы. Уыл та уымæн, æмæ цард размæ цæуы, бирæ хъуыддæгтæ зæронд кæнынц, уæллай тынгдæр та рæзы театралон анвад. Фæзындис алыхуызон æвзæрд спектаклтæ, стыхджын кино, телеуынынад. Уыдон иууылдæр сты театры «знæгтæ». Мынæг ын кæнынц сæ ногдзинадæй йæ тых, йæ намыс. Зæгъæм, спектакль «Отелло» кæнæ «Пæсæйы фæндон», «Нарты Батрадз» кæнæ «Хæсанæ» сæ рæстæджы куыд æвзæрд уыдысты, афтæ æвзæрд куы 'рцæуиккой, уæд диссаг нал фæкæсиккой адæммæ. Стæй ма дзы ис иу фиппаинаг: театрдзаутæ фыццаг цы артисты фенынц, уымæй дарддæр æндæрæн «нæ барынц», цыфæнды хорз куы хъаза йæ ролы, уæддæр.

Æппæт уыцы ныхæстæ махæн бар нæ дæттынц, цæмæй нæ кæддæры хорз спектакльты роухуаты ныууадзæм.

Иу рæстæджы театрмæ фыстой бирæтæ, цæмæй «Чермен» сног кæнæм. Дисаджы тыххæй сбæрæг кодта театры администраци уыцы «домджытæй» чи æрбацыд «Чермен»-мæ. Фæлæ, хъыгдæр æвæрдтой ногдæр æмæ ахъаззагдæр хæстæ.

Бирæтæ ма хъуыды кæндзысты, 1946 азы парти цы уынаффæ рахаста, «театры репертуар æмæ йæ фæхуыздæр кæныны тыххæй», уый. Уыцы азты хицауад сæхæдæг дæр стыр разæнгардæй цыдысты алы ног анвадон уацмысмæ дæр. Абоны хуызæн ма йæ хъуыды кæнын, Хъулаты Хъуыбады-иу æд бинонтæ иу ног спектакль дæр æнæ фенгæ нæ фæци. Афтæ цыдысты обкомы иннæ секретартæ дæр.

Хорз цыдысты ирон театртæм уæды азты районты партион æмæ советон органты кусджытæ дæр. Се 'рбацыд-иу стыр æххуыс уыд театры кад бæрзонддæр кæныныæн. Уый фæстæ азты хицауадæн сæ фылдæр зонгæ дæр нæ кодтой, театр кæм нс, уый. Се 'фсон—куыст ныртæккæ бирæ.

Партион дзуаппон докладты дæр цалдæр уæлæнгай ныхасы йедтæмæ ницуал вæййы театры куысты тыххæй. Театр цас тынгдæр нымад цæуа хицауадмæ, уыйас йæ кад бæрзонддæр кæны адæмы цæсты.

Нæ театр цæмæй абоны домæнтæм гæсгæ хæрзхъæд спектакльтæ æвдиса, уый тыххæй дзы нæй хъæугæ уавæртæ. Сценæ у ногæй аразинаг. Иæ пъол бамбыд. Йе сценæ у чысыл. Йæ æмбæрзæн — раивинаг, залы вæййы уазал. Уазал вæййы ста призон бынат, æхсæз очкойы æрæмбырд кæнгæйæ.

ШАХМÆТТÆ

Горæт Орджоникидзейы æвдæм скъолайы дæсæм къласы ахуырдзау Кокойты Алан фæуæлахиз Цæгат Ирыстоны æрыгон шахматисты ерыстыл. Фараст очкойæ рамбылдта 7,5. Уый бæрц очкотæ разынд 50-æм скъолайы ахуыргæнинаг Етдзойты Азæмæтмæ дæр. Фæлæ, раздæры хъæзтыты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, уый баззад дыккаг бынаты. 6,5 очкоимæ æртыккаг бынатмæ рацыд 42-æм астæккаг скъолайы ахуыргæнинаг Саид Яндарханов.

Ерыстæ цыдысты республикæйы шахмæтты клубы.

* * *

Шахмæттæй Цæгат Ирыстоны фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ ахицæн сты 1980 азы гуырд лæппуты 'хсæн. Уыдысты дыууадæсæй. Хуыздæр ахъазыд 26-æм скъолайы ахуырдзау Сергей Гуров. Уый 11 очкойæ рамбылдта 9. Уымæй очкойы æрдæг фæстæдæр баззад 5-æм скъолайы ахуырдзау Тауытты Аслан, æмæ бацахста дыккаг бынат. 8,5 очкойы бафтыд 26-æм скъолайы ахуырдзау Альберт Амбарцумяны къухы дæр. Фæлæ раздæры хъæзтыты бæрæггæнæнтæм гæсгæ баззад æртыккаг бынаты.

М. ЗИЛЬБЕРМАН.

Рæстæг апрелы

Апрель — уалдзæджы дыккаг мæй. Бирæазыккон бæрæггæнæнтæм гæсгæ апрелы уæлдæфы хъарм вæййы 8—10 градусы, хæххон районты та 3—5.

Æхсæв уæлдæфы хъарм æрхауы 3—4 градусмæ.

Апрелы хатгай уæлдæфы хъарм схæццæ вæййы 14—17 градусмæ дæр.

Цæгат Ирыстоны апрелы къæвдатæ рауары 35—70 миллиметры бæрц. Къæвдатæ вæййы 9—10, республикæйы цæгат хайы та — 5 боны.

ССР Цæдисы Гидрометцентры бæрæггæнæнтæм гæсгæ апрелы, рæстæмбис нымадæй, уæлдæфы температурæ схиздзæн 10—11 градусы хъарммæ. Уый у бирæ азты бæрæггæнæнтæй иу градус фылдæр.

Къаддæр уыдзæнис уарыпгæ.

З. ОРЕХОВА,
гидрометæфсисады хайады хицау.

Газет
Социалистическая
ОСЕТИЯ
МЫХУЫР КÆНЫ

Газет мыхуыр кæны ССР Цæдисы Президенты писмо ССР Цæдисы Сæйрагдзинад Советмæ, йæ сидтытæ Литвайы ССР-йы Сæйрагдзинад Советмæ æмæ адæмтæм, Литвайы уавæры тыххæй республикæйы фæллойгæнджыты хъуыдытæ.

Номыры бакæсæн ис æрмæг ног равзæрст Советты фыццаг сесситæй.

Номыры — Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты профессор Тохъайты Н. статьи, æрмæг кооператив «Алан»-ы продукцийы хæрзхъæддзинады тыххæй. Джиоты Хазбийы рецензи ирон паддзахадон драмон театры спектакль «Хазби»-йы тыххæй, æндæр æрмæг республикæйы цардæй.

УÆ ХÆСТÆ БАФИДУТ

Трест «Орджоргаз» хъусын кæны, газæй чи пайда кæны, уыдонæн се 'ппæтæн дæр.

Куыстуæтты æмæ организациты разамонджытæн, хæдзæрттy управлениты, цæрæнуæтты-арæзтадон кооперативты æмæ цæрæнуæтты эксплуатацигæнæн къанторты хицæуттæн, стæй горæт Орджоникидзейы. Заводы æмæ Хуссайраг поселокты, Ногиры æмæ Михайловскы хи хæдзæрттy хицæуттæн, цæмæй алы мæйы 10-æм бонмæ фидой газæй пайда кæныны аргъ.

Газæй чи пайда кæны, уыдон уыцы æмгъуыды фæстæ хæсджынæй куы баззайой, уæд æнæ уæлæмхасæн бафæдзæхсгæйæ æхгæд æрцæудзæн сæ газ.

Уый фæстæ, газ ногæй раттыны тыххæй, уыдон бахъæудзæн уæлæмхасæн æхца филын.

Трест «Орджоргаз».

ГОРÆТЫ ЭЛЕКТРОН ТЫХДÆТТÆНТÆ

Курынц куыстуæтты æмæ организациты, кооперативты разамонджытæй, стæй горæт Орджоникидзейы æмæ горæтмæ хæстæг цы хъæутæ æмæ поселоктæ ис, уыдоны цæрджытæй, цæмæй электрон рухсы тыххæй фидой алы мæйы фыццаг 20 боны дæргъы. Æфснайæн банктæй æмæ машинæтæй нымайæн бюройæ та курынц, цæмæй афоныл цæттæ кæной документтæ æмæ, цы æхнатæ райсынц, уыдон рæстæгыл æрвитой Жилсоцбанчы управленимæ ахæм хыгъдыл: 508129.

Йæ хæстæ афоныл чи нæ фида уыцы абонентæн электрон тых лæвæрд нал цæудзæн.

Телефонтæ:
◆ Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
◆ Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
◆ Бæрнон секретарь — 5-44-37.
◆ Бæрн сек хæдивджытæ — 5-46-39.
ХАЙÆДТÆ:
◆ Партион æмæ идеологон куысты 5-54-36, 5-35-88,
◆ Советон куысты æмæ барады — 5-44-19, 5-35-88.
◆ Индустрион-экономикон — 5-45-31.
◆ Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
Культурæ, ахуырад æмæ информацийы — 5-53-74, 5-35-92, 5-44-33.
◆ Писмоты, социалон рæзты — 5-44-57, 5-53-72, 5-63-19.
◆ Къамисæт, нывгæнæг — 5-56-50,
◆ Тæлмацгæнæг — 5-63-19,
◆ Корректортæ — 5-67-03,
◆ Изæрон редакци — 5-35-71,
◆ Бухгалтери — 5-36-68.

362015 — ЦИАССР,
Г. Орджоникидзе.
Тбилисы уынг, 98.
«Мыхуыры хæдзар»

Газет цæуы афæдз
250 хатты, къуыри та — фондз хатты.
Индекс — 5390.
3

ЕИ 00941
Бæрзонд мыхуыр.
1,86 мыхуырон сыфы.
Тираж — 23.500
Заказ 183

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи.
362015, гор. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.

СПОРТ

ЧЫЗДЖЫТÆ ГАУЫЗЫЛ

Дыууæ боны дæргъы Цæгат Ирыстоны бархи спортивон æхсæнад «Динамо»-йы советы спортивон залы цыдис сылгоймæгты фыццаг республикон чемпионат хъæбысхæст дзюдойæ. Сæ хъæрутæ æвзæрстой дыууиссæдз спортсменкæйы, сæ фылдæр уыдысты спортивон æхсæнæдтæ «Динамо»-йæ æмæ «Фæллойадон резервтæй».

Ерысты фæуæлахиз сты «Фæллойадон резервты» æрыгон спортсменкæтæ, тренертæ Гæбæраты Автандил, Зæнджиаты Маринæ æмæ Ибрагим Кадалов.

Чемпионаты фыццаг бынат бацахста æмæ Цæгат Ирыстоны физкультурæ æмæ спорты паддзахадон комитеты фыццаг къæпхæны дипломрайста «Динамо»-йы минæвар, УСФСР-йы сгуыхт тренер Вараздат Григорянцы хъомылгæнинаг Къæлхидты Фатимæ. Иннæ архайджытæй чемпионтæ систы Орджоникидзейы 22-æм астæккаг скъолайы 8-æм къласы ахуыргæнинаг Саша Курбанова æмæ Иринæ Коваленко.

Гауызыл иттæг хорз арæхстдзинæдтæ равдыста æмæ йæ ныхмæлæуджытæй се 'ппæтыл дæр æнцонæй фæуæлахиз Орджоникидзейы 4-æм профессион-техникон училищейы ахуырдзау Дыгъуызты Эльвирæ. Бацахста фыццаг бынат æмæ йын лæвæрд æрцыд республикæ. йы Спорткомитеты фыццаг къæпхæны диплом æмæ зæрдылдарæн лæвар. Эльвирæ у УСФСР-йы иугонд командæйы уæнг.

Се 'муæзонты 'хсæн фыццаг бынæттæм рацыдысты æмæ фыццаг къæпхæны дипломтæй хорзæхджын æрцыдысты Еленæ Жандарова. Дзуццаты Ларисæ æмæ ЦИПУ-йы студенткæ Зæнджиаты Маринæ.

Тыхджындæр спортсменкæтæй арæзт æрцыд иугонд командæ. Уый ацы аз апрелы архайдзæн Уæрæсейы Хуссары зоналон ерыстыл.

НОГДЗАУТЫ ЕРЫСТÆ

Республикæйы Физкультурæйы хæдзары ахицæн сты 21-æм Æппæтуæрæсеон традицион ерыстæ ФÆЛКЦ-йы Центрон Комитеты клуб «Белая ладья»-йы приз рамбулыныл шахмæттæй.

Архайдтой дзы æхсæрдæс командæйы УСФСР-йы облæсттæй, крайтæй æмæ автономон республикæтæй.

Нæ командæйы спортивон кад хъахъхъæдта Орджоникидзейы 27-æм скъолайы ногдзауты дружинæйы командæ. Хорз арæхстдзинæдтæ нæ командæйы уæнгтæй равдыста Сагеты Георгий. Бацах-